**Pou Piblikasyon Imedya:** 23/11/2021 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

# GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GEN APEPRÈ 200 SIT VAKSINASYON TANPORÈ #VAXTOSCHOOL KI ETABLI JISKAPREZAN

***9 nouvo sit #Vaxtoschool te anonse jodi a***

***Ankouraje Nouyòkè ki nan laj pou ale lekòl yo ak fanmi yo pou pran vaksen an pou kapab genyen yon jou fèt Aksyon Degras la an sekirite***

***Yo pral anonse nouvo sit yo chak semèn sou yon peryòd 12 semèn pou ogmante to vaksinasyon an pami Nouyòkè ki gen laj pou ale ekòl yo***

***Lis konplè sit yo ke yo mete ajou chak semènisit la***

***Imaj bis #VaxtoSchool yo disponib isit la***

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse nèf nouvo sit vaksinasyon tanporè #VaxtoSchool pou ogmante to vaksinasyon pami Nouyòkè ki gen laj pou ale lekòl yo. Jiskaprezan, gen 198 sit vaksinasyon ki te lanse nan eta a.

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse 9 nouvo sit vaksinasyon tanporè #VaxtoSchool pou ogmante to vaksinasyon pami Nouyòkè ki gen laj pou ale lekòl yo. Kòm jou fèt Aksyon Degras (Thanksgiving) la toupre, Gouvènè Hochul ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a rekòmande tout Nouyòkè ki elijib yo, espesyalman jèn Nouyòkè yo, pou yo vaksinen konplètman osito sa posib.

"Sit #VaxtoSchool yo nan tout eta a ap fè vaksen COVID-19 la vin pi aksesib pou elèv ak fanmi yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** Paran ak responsab yo, yon gwo fason pou nou selebre jou fèt yo se lè nou konnen fanmi nou yo gen pi bon pwoteksyon posib kont COVID-19 la lè timoun nou yo vaksinen. Vaksen an gratis, san danje epi disponib tout kote. Pa pran tan".

Nan 21 septanm, Gouvènè Hochul te anonse yon total 120 sit pral etabli sou yon peryòd 12 semèn nan tout eta a. Jiskaprezan, gen 198 sit ki deja etabli — sa ki byen lwen depase objektif sa a. Depatman Sante a kontinye travay avèk depatman sante lokal konte yo, òganizasyon kominotè yo, ak sant swen sante yo pou bay sipò lojistik pou etabli sit sa yo nan tout rejyon yo nan eta a. Patnè yo, sit òganizatè yo ak efò

sansibilizasyon yo pral pèsonalize pou kominote yo kreye pou sèvi yo. Nouvo lokal yo etabli sou yon baz kontinyèl nan patenarya avèk lokalite yo.

Anons sa a chita sou angajman Eta New York pou rann sante ak byennèt elèv, pwofesè ak fanmi yo yon priyorite prensipal.

Yon pwofesyonèl medikal kominotè ap disponib nan chak sit pou reponn nenpòt kesyon paran ak responsab yo ta genyen konsènan Nouyòkè yo a ki nan laj pou lekòl. Bis #VaxtoSchool yo — inite vaksinasyon mobil yo - kontinye sipòte inisyativ sa yo kòm yon lòt zouti pou ankouraje vaksinasyon ak asire aksè konvenab nan tout eta a.

Jou fonksyònman yo pou chak nan sit vaksinasyon tanporè #VaxtoSchool pou Nouyòkè ki nan laj pou lekòl yo anba a. Lis konplè sit #VaxtoSchool yo disponib isit la epi mete ajou chak semèn sou yon peryòd 12 semèn pou ajoute nouvo sit yo lè yo anonse.

**WESTERN NEW YORK**
Royalton - Hartland High School
54 State Street
Middleport, NY 14105
Ouvri: Madi 23 novanm; 2:30 pm - 6:30 pm
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech, Moderna ak Janssen/J&J
Patnè Evènman: Konte Niagara
Pou enskri: Enskripsyon pou 1e Dòz Pfizer-BioNTech (5+): https://on.ny.gov/3q5em5S
Enskripsyon pou Dòz Rapèl (18+): https://on.ny.gov/3bWMPeI
Ankourajman: Kat Kado Tops ak Amazon
**Laj 5+**

**NORTH COUNTRY**
Moriah Central School
39 Viking Lane
Port Henry, NY 12974
Ouvri: Madi 23 novanm; 10:00am-2:00pm
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech
Pou enskri: https://www.co.essex.ny.us/Health/make-an-appointment/ or call 518-873-3500
Patnè Evènman: Konte Essex
Ankourajman: Kat Kado Amazon
**Laj 5+**

**LONG ISLAND**
Bethel AME Church
420 North Main Street
Freeport, NY 11529
Ouvri: Madi 23 novanm; 12:00pm - 4:00pm

Kalite vaksen: Moderna, Pfizer-BioNTech ak Janssen/J&J
Patnè Evènman: National Association of Black Churches (Asosyasyon Nasyonal Legliz Moun Nwa yo)
**Laj 12 an e+**

**FINGER LAKES**
The Vineyard Farm and Outdoor Center for Excellence
126 Sander Street
Rochester, NY 14605
Ouvri: Samdi 27 novanm; 1:00 pm - 5:00 pm
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech ak Janssen/J&J
Patnè Evènman: The Vineyard Farm and Outdoor Center for Excellence
Ankourajman: Kat Kado Amazon
**Laj 12 an e+**

**CENTRAL NEW YORK**
Christ Missionary Baptist Church
319 West Kennedy Street,
Syracuse, NY 13204
Ouvri: Samdi 27 novanm; 9:00 am - 2:00 pm
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech
Patnè Evènman: Christ Missionary Baptist Church
**Laj 12 an e+**

**FINGER LAKES**
St. Michael's Church
869 N Clinton Ave
Rochester, NY 14605
Ouvri: Dimanch 28 novanm; 1:00 pm - 4:00 pm
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech, Moderna ak Janssen/J&J
Patnè Evènman: Father Tracy Center
Ankourajman: Kat Kado Tops
**Laj 12 an e+**

**NEW YORK CITY**
Mt. Pleasant Church
2009 Adam Clayton Powell Jr., Blvd
New York, NY 10027
Ouvri: Dimanch 28 novanm; 10:00 am - 4:00 pm
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech, Moderna, ak Janssen/J&J
Patnè Evènman: Mt. Pleasant Church
**Laj 12 an e+**

**NORTH COUNTRY**
Essex County Department of Health,
132 Water St,

Elizabethtown, NY 12932
Ouvri: Lendi 29 novanm; 10:00am-2:00pm
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech, Moderna, ak Janssen/J&J
Pou enskri: https://www.co.essex.ny.us/Health/make-an-appointment/
Patnè Evènman: Konte Essex
Ankourajman: Kat Kado Amazon
**Laj 5+**

**MID-HUDSON**
Hamilton Elementary School
20 Oak Street
Mount Vernon, NY 10550
Ouvri: Lendi 29 novanm; 10:00am - 2:00pm
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech
Patnè Evènman: Depatman Sante Konte Westchester
Ankourajman: Kat Kado Amazon
**Laj 12 an e+**

Timoun yo kapab pran vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech, ki disponib anba Otorizasyon pou Itilizasyon Ijans pou timoun ki gen 5 rive 15 ane epi li apwouve konplètman pou sila yo ki gen 16 ane ak plis. Lòt vaksen COVID-19 yo poko otorize oswa apwouve pou gwoup laj sa a. Si ou se yon paran oswa responsab yon Nouyòkè ki nan laj pou lekòl, ou kapab ale tou sou vaccines.gov, voye kòd postal ou nan mesaj bay 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn yon sit vaksen ki pi pre ou. Asire founisè a ofri vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la.

Pou aprann plis sou vaksen COVID-19 la ak timoun ki gen pou laj lekòl yo, Nouyòkè yo ka vizite sit entènèt dedye nou an ny.gov/vaxtoschool oswa swiv @VaccinateNY sou Instagram.

Amwenke sa note, sit san randevou #VaxtoSchool eta yo konsantre aktyèlman sou vaksinasyon moun 12 - 17-an. Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5-11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran yo ak gadyen yo ka vizite ny.gov/VaxforKids, vaccines.gov, voye mesaj tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki tou pre yo. Lis sit vaksinasyon an mas k ap bay vaksen pou timoun 5-11 ane yo disponib isit la.

Nou ankouraje paran ak responsab yo pou asire ke timoun yo ajou pou tout vaksinasyon ki rekòmande epi obligatwa. Ale sou sitwèb Depatman Sante pou plis enfòmasyon sou vaksinasyon ki rekòmande pou timoun ak adolesan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU